



Ms. Agnes L. Seide

November 4, 1959 - February 3, 2024

BIOGRAPHIE AGNES SEIDE

Manman mwen, Agnès SEIDE, fèt nan lane 4 novanm 1959 nan departman Sud, vil Saint-Jean du Sud.

Li te 5eme nan yon fanmi 5 frè ak sè, Jodi a, malerezman, rete sèlman tonton nou, Josède SEIDE, anpil moun konnen sou non tonton TIJO.

Se nan lane 1980, manmim, anpil pwòch li yo rele Tati Loulouse, te deside tablil nan vil Okay, kote li bay nesans ak 2 pitit li yo : Mwen menm, Robenson Louis ak ti sè mwen Ronide Louis.

Manmanm, se te yon fanm vanyan ki te gen anpil kouraj ak ladrès. Poul te leve epi edike nou, li te fè tout kalte sakrifis posib. Dòmi ta, leve bonè, ale vann nan mache poul te kapab bannou bonjan pen lenstriksyon.

Menm nan zafè foutbòl, li te toujou la pou sipòtem, se te number one fan mwen. Se te yon moun ki trè sosyab, zanmim, zanmi Ronide, se te zanmil tou.

Se konsa, apre tout kalte sakrifis li fè nan lavi li pou nou, move nouvèl la ta pral tonbe nan fen ane 2019 la, kote medsen yo an Ayiti, dekouvri premye sentom maladi kansè a nan tete li. Yon maladi li te sipòte ak anpil doule epi kouraj aprè 2 entèvansyon chirijikal ak plizyè seyans chimyoterapi.

Nan sousi pou manman mwen jwenn pi bon swen sante, prese, prese, mwen rantrel Etazini nan dat 26 septanm 2023. Se la, aprè plizyè randevou medikal, santel ta pral degrade chak jou pi plis. Sa ki te lakòz li te oblije etène lopital pandan 2 fwa, jiskaske li rann souf li nan bra mwen nan dat dimanch 3 fevriye

2024 la, a laj 64 tran sou kabann lakay li.

Manmanm rann dènye soupi li, apre mwen te sot pase 2 semèn ap antrene nan lame. Se kòm si li tap tann mwen rantre poul dim babay. Men Elas ! nan moman lap trepase nan bram, malgre li tande vwam men santel pat pèmèt li dim yon dènye mo anfas.

Manmi cheri, jodi a, fanmi, zanmi, nou tout reyini pou nou diw nou renmenw anpil epi rann ou yon dènye omaj kew merite.

Ou ale twò vit, lanmòw raple nou kòman lavi kout epi frajil. Manmi ou kite yon gwo vid ki pap janm konble lakay nou ak yon gou anmè kou fyèl nan bouch nou.

Pandan tout egzistans ou, ou te toujou la pou nou nan bon kou move tan, ou pat janm dekouraje ak pitit ou yo.

Ou travèse avan nou, men pa enkyetew : Mwen ak Ronide pwomèt ou nap kontinye renmen youn lòt epi mete aplikasyon prensip lavi ou te bannou yo.

Mèsi, Mèsi, Mèsi anpil pou tout sakrifis ou yo, men elas ! enposib pou nou baw yon lòt souf lavi.

Ale, repozew anpè, nou renmenw anpil manmi Loulouse.

Previous Events

Viewing

FEB 16. 5:00 PM - 7:00 PM (ET)

Colvin Funeral Home Chapel
2010 Murchison Road
Fayetteville, NC 28301

Funeral

FEB 17. 2:00 PM (ET)

Colvin Funeral Home Chapel
2010 Murchison Road
Fayetteville, NC 28301

Burial

FEB 17 (ET)

Fayetteville Memorial Cemetery
2881 Gillespie St
Fayetteville, NC 28306

Tribute Wall



“ Colvin Funeral Homes & Cremations created a Tribute Video in memory of Ms. Agnes L. Seide



H. M. Colvin Funeral Home - February 15, 2024 at 02:00 PM

JY

“ Jean Y. purchased the Serenity Wreath for the family of Ms. Agnes L. Seide.



Jean Y. - February 11, 2024 at 11:00 PM

JY

“ Jean Y. planted a [Memorial Tree](/store/Product.aspx?ProductId=4518) in honor of Ms. Agnes L. Seide.

Jean Y. - February 11, 2024 at 11:00 PM